



# Commonwealth Massachusetts la

Biwo Egzekitif Sèvis Sante ak Imen

Depatman Sèvis Devlopman

500 Harrison Avenue

Boston, MA 02118

**Charles D. Baker**

**Gouvènè**

**Karyn E. Polito**

**Lyetnan Gouvènè**

**Marylou Sudders Sekretè**

**Jane F. Ryder**

**Komisyonè**

(617) 727-5608

Telefòn Videyo DDS: (857) 366-4179

*A: Endividi ak Fanmi DDS yo*

*De: Komisyonè Jane F. Ryder*

*Dat: 22/5/2020*

*Sijè: Mizajou sou Kowonaviris pou Endividi ak Fanmi*

Chè Kominote DDS:

Anpil bagay pase pandan semèn yo depi dènye mesaj mwen an. Mwen ta renmen bay yon mizajou sou repons Depatman Sèvis Devlopman an (Department of Developmental Services, DDS) a COVID-19 a pati Vandredi 22 Me.

Kòm ekspè yo te prevwa, Massachusetts te wè yon ogmantasyon ka pozitif COVID-19. Nou te gen gwo ogmantasyon an nan pwogram nou yo epi nou te nan gwo lapenn pou pèt moun ki nan kominote nou an — moun nou sèvi, kòlèg travay, kòlèg, zanmi, ak fanmi.

Kounye a, apre plis pase de mwa nan rete lakay ak gwo mezi pwoteksyon, tankou mete restriksyon sou tout vizit, nou ap kòmanse plati koub la. Kantite nouvo ka pozitif yo idantifye chak jou yo kòmanse diminye pandan n ap kontinye distans sosyal ak ogmante aksè ak efò nou yo sou tès yo. Nan angajman distans ak mezi pwoteksyon, ansanm nou te sove lavi moun. Nou dwe kontinye rete vijilan pandan n ap avanse nan yon nouvo nòmralite.

Mwen te enpresyone anpil devan kreyativite ak detèminasyon ou nan peryòd ensètitud sa a. Mwen tande bèl istwa fanmi ki jwenn nouvo fason pou konekte adistans ak anplwaye ki ale pi wo ak pi lwen pandan kriz sante piblik sa a. Nou te wè gwo ak ti zak kreyativite, angajman, ak konpasyon nan kominote nou an chak jou.

Pandan Massachusetts ak nasyon an anvizaje relouvri etap pa etap ak pridans, priyorite nou nan DDS se sante ak sekirite moun ke nou sèvi yo ak anplwaye nou yo. Nou pral kontinye konsantre sou twa faktè kle pou kenbe moun yo an sekirite: prekosyon kont maladi enfektyez, ekipman pwoteksyon pèsònèl (Personal Protective Equipment, PPE), ak tès.

Mwen konnen gen enkyetid ak anpil kesyon sou re-ouvèti a. Vizit, pwogram jounen ak travay, ak transpò nan lespri nou. Pandan n ap anvizaje pou n rekòmanse operasyon yo, nou pran angajman

pou fè pwosesis sa a osi fasil e san danje ke posib. Sa vle di pran desizyon ki baze sou done epi swiv dènye konsèy nan men ekspè sante piblik yo. Byenke nou pa gen tout repons yo jodi a, nou pa ka tann pou n tande lide ak kòmantè ou yo.

DDS ap travay aktivman ak ekspè sante piblik yo sou pwotokòl vizit san danje ki pral kenbe ou, moun ou renmen an, ak moun k ap bay swen yo an sekirite. Nou pral anonse tout dènye nouvèl sou pwotokòl vizit aktyèl la dèke nou kapab.

Anplis, nou ap travay avèk kominote founisè nou yo pou planifye chemen pou swiv pou pwogram lajounen ak sèvis transpò yo. Nou pral kontinye kominike avèk ou pandan plan yo ap devlope.

Antretan, nou vle tande lide ou yo. Fè nou konnen nan ki pi gwo fason sa afekte ou ak kisa ou ta renmen wè nou fè. Pandan n ap travay jiska fen pandemi sa a — kòm toujou — tanpri santi w alèz pou kontakte nou epi ban nou kòmantè w yo [atravè sit entènèt nou an](#) oswa pataje ide w ak Kowòdonatè Sèvis ou.

Biwo Zòn ou an la pou soutni w epi y ap rete an kontak avèk ou pou asire moun ou renmen an ap resevwa sèvis epi bezwen nou toulede satisfè.

Nou pral mete ajou [sitwèb DDS la](#) ak medya sosyal yo lè enfòmasyon yo vin disponib.

Tanpri gade anba a pou plis mizajou sou repons DDS a COVID-19.

Mèsj,

Jane F. Ryder  
Komisyonè

[Depatman Sèvis Devlopman](#)

---

### Sipò Familyal

[Sant Sipò pou Fanmi \(Family Support Centers\)](#) ke DDS finanse kontinye bay fanmi yo asistans ak sipò nan kriz sa a epi yo la pou sipò an ijans ak enfòmasyon sou resous lokal yo. Tanpri kontakte Biwo Zòn DDS ou a si ou bezwen èd pou konekte ak Sant Sipò Familyal lokal ou a.

### Vizit

Pou kenbe moun ou renmen yo ak moun k ap bay swen yo an sekirite ak an sante, vizit an pèsòn nan fwaye gwoup ak etablisman rezidansyèl yo rete entèdi, eksepte pou sèten sitiyasyon swen konpasyon, tankou fen-lavi. DDS ap travay aktivman avèk ekspè sante piblik yo sou pwotokòl vizit san danje pou ede ou wè moun ou renmen yo nan yon fason ki kenbe oumenm, moun ou renmen yo, ak moun k ap bay swen yo an sekirite. Nou pral anonse tout dènye nouvèl sou pwotokòl vizit aktyèl la dèke nou kapab.

## **Konsèy pou Pwogram ak Etablisman Rezidansyèl yo**

DDS te konsantre sou bay konsèy klè pou soutni pwogram ak etablisman rezidansyèl yo yon fason pou moun nou sèvi yo jwenn pi bon swen. Apa [dokiman oryantasyon pou pwogram rezidansyèl yo](#) (dènye mizajou 13 Avril), DDS te òganize tou pou sèvis konsiltasyon maladi kontajye yo disponib. Anplwaye ki nan Hogan Regional Center ak nan Wrentham Developmental Center, fwaye gwoup eta nou an opere yo, ak fwaye gwoup founisè yo opere kontinye konsilte avèk espesyalis maladi enfektye yo pou bay swen epi asire pwotokòl fonksyonèl yo satisfè direktiv ak nòm Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) ak Depatman Sante Piblik (Department of Public Health, DPH) Massachusetts.

## **Aksè pou Jwenn Ekipman Pwoteksyon Pèsonèl (PPE)**

Nou ap travay nan kolaborasyon avèk DPH ak Ajans Jesyon Ijans Massachusetts (Massachusetts Emergency Management Agency, MEMA) pou kontinye jwenn ak bay aksè a PPE ak founiti netwayaj, epi pwogram DDS yo gen yon rezèv apwopriye pou satisfè bezwen yo. Kay ak etablisman DDS yo ki jere pa Eta a soumèt lis founiti aktyèl yo ak bezwen yo de fwa pa semèn, pandan founisè DDS yo ka mande PPE an ijans nan men MEMA.

## **Tès**

Nou kontinye ofri tès pou rezidan ak anplwaye nan pwogram rezidansyèl Eta oswa founisè DDS yo jere atravè yon patenarya ak Fallon Ambulance ak MassHealth. Nan dat 20 Me, Fallon te vizite plis pase 1,300 sit DDS ak teste plis pase 16,000 moun ak anplwaye. DDS ak ajans founisè li yo te òganize tou plis pase 30 sit tès tanporè atravè Eta a pou bay plis aksè a tès pou moun ki travay pi pre epi fè pi plis pou moun nou sèvi yo. Jiskaprezan, nou te teste plis pase 4,500 anplwaye nan sit tanporè sa yo. DDS te kreye tou [istwa sosyal ak lis verifikasyon](#) (resous vizyèl ak odyo ki disponib sou sit entènèt nou an) pou ede prepare moun pou tès prelevman ak aplikatè oswa yon vizit tès mobil.

## **Biwo DDS yo**

Biwo rejyonal yo ak Zòn yo rete fèm pou vizit piblik la. Tanpri kontakte Biwo Zòn ou nan telefòn oswa imèl konsènan sèvis ak sipò, epi anplwaye nou yo ap reponn mesaj ou a.

## **Sante**

Si oumenm oswa nenpòt moun nan fanmi ou gen sentòm maladi (lafyè, tous, oswa difikilte pou respire) oswa posiblite ekspozisyon a viris COVID-19 la, tanpri pran mezi sa yo:

- Verifye sentòm ou yo sou entènèt: [buoy.com/mass](https://buoy.com/mass).
- Kontakte doktè swen jeneral ou an epi swiv konsèy li.
- Kontakte liy epidemyoloji DPH Massachusetts la nan: [\(617\) 983-6800](tel:6179836800).

Pou enfòmasyon pi resan sou COVID-19, tanpri rele 2-1-1 oswa vizite: [mass.gov/covid19](https://mass.gov/covid19)

## **Komite Pwoteksyon Moun ki gen Andikap (Disabled Persons Protection Committee, DPPC)**

Pou rapòte abi fizik, emosyonèl, ak seksyèl oswa neglijans ou sispèk ki fèt sou yon moun ki gen yon andikap, kontakte liy dirèk 24 sou 24 DPPC a:

- [1-800-426-9009](tel:1-800-426-9009)
- [1-888-822-0350](tel:1-888-822-0350) (TTY)

## **Istwa Teknoloji Soutyen**

DDS ta renmen prezante istwa reyisit avèk teknoloji soutyen yo pou lòt moun ka wè itilizasyon ak avantaj zouti sa yo. Si ou te reyisi itilize teknoloji sipò yo, tankou tablèt, asistan vokal, telemedsin, oswa sèvis adistans, fè nou konnen. Kontakte nou sou [Facebook](#), [Twitter](#), ak [Instagram](#) @DDSmass pou pataje istwa ou an.